# SPORT GÚRESLERINIŃ OLIMPIYA TÚRLERIN BUNNAN BÍLAY DA RAWAJLANDÍRÍW ILAJLARÍ HAQQÍNDA

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń qararı

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 14-fevraldaǵı «Ózbekstan sportshılarınıń gezektegi jazǵı hám qısqı Olimpiya hám Paralimpiya oyınlarında tabıslı qatnasıwı ushın tayarlıq jumısların jedellestiriw haqqında»ǵı PQ-127-sanlı qararına muwapıq, sonday-aq, sport gúreslerin olimpiya sport túrleri sıpatında ǵalaba en jaydırıw, jaslar arasınan sportshılardı tańlap alıw sistemasın jaqsılaw, milliy saylandı komandalarımızdıń abıraylı sport jarıslarında joqarı nátiyjelerge erisiwin támiyinlew maqsetinde:

1. Tómendegiler 2022-2024-jıllarda sport gúresleriniń olimpiya túrlerin (erkin gúres hám grek-rim gúresi) (keyingi orınlarda – sport gúresleri) rawajlandırıwdıń tiykarǵı baǵdarları etip belgilensin:

sport gúreslerin xalıqtın arasında keńnen úgit-násiyatlaw, qábiletli sportshılardı, sonıń ishinde, sportshı hayal-qızlardı anıqlaw, tańlap alıw (selekciya) hám olardı professional sportshılar sıpatında tayarlawdıń jańa sistemasın jolǵa qoyıw;

hayal-qızlardıń sport gúresleri menen shuǵıllanıwı hám professional sportshı bolıwı ushın olardı tartıw boyınsha keńnen shólkemlestiriwshilik-ámeliy hám úgit-násiyatlaw jumısların ámelge asırıw;

sportshılardı zamanagóy ilimiy-metodikalıq usınıslar tiykarında tayarlaw arqalı oqıw-shınıǵıw procesin shólkemlestiriw, olardıń teoriyalıq tayarlıq hám texnikalıq-taktikalıq kónlikpelerin jetilistiriw, professional sheberligin qáliplestiriw, bul baǵdarda joqarı nátiyjelerge erisken sırt el trenerleri, tóreshiler hám qánigelerdi mirát etiw;

Birlesken gúres dúnyası trenerleri hám tóreshileriniń oqıtıw baǵdarlamalarınan paydalanıw arqalı professional trenerler hám tóreshilerdi tayarlaw jáne olardıń mamanlıǵın sistemalı túrde arttırıp barıw;

sport gúresleri boyınsha jergilikli hám xalıqaralıq jarıslardı sistemalı túrde shólkemlestiriw, xalıqaralıq jarıslarda qatnasıw, sonıń ishinde, Olimpiya hám Aziya oyınlarında qatnasıw huqıqın beretuǵın licenziyalardı qolǵa kirgiziw hám hár Olimpiya hám Aziya oyınları ciklinde olardıń sanın kóbeytip barıw;

sportshılardıń professional sheberligin hám trenerlerdiń kásiplik mamanlıǵın arttırıw ushın sport gúresleri boyınsha sırt elli mektepler menen birge islesiwdi rawajlandırıw hám tájiriybe almasıw, sport gúreslerin rawajlanǵan mámleketler menen básekilese alatuǵın dárejege jetkeriw.

2. Sport gúresleriniń olimpiya túrlerin 2022-2024-jıllarda keńirek rawajlandırıw baǵdarlaması 1-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

Tómendegiler baǵdarlamanı qarjılandırıw dárekleri etip belgilensin:

sport hám ǵalabalıq denetárbiya ilajlarınıń kalendar rejesinde názerde tutılatuǵın qarjılar;

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń respublikalıq byudjeti, wálayatlardıń wálayatlıq byudjetleri hám Tashkent qalasınıń qalalıq byudjet qarjıları;

sport federaciya (associaciya)ları, qorlar, klublar, sonday-aq, denetárbiya hám sport jámiyetleriniń qarjıları;

fizikalıq hám yuridikalıq táreplerdiń qáwenderlik qayırqomlıqları;

nızamshılıq hújjetleri menen qadaǵan etilmegen basqa da dárekler.

3. 2023-jıldan baslap hár jılı dástúriy tárizde sport gúresleri boyınsha er adamlar hám hayal-qızlar komandaları arasında gezekpe-gezek respublikanıń barlıq aymaqlarında (olimpiya hám xalıqaralıq salmaq kategoriyaları boyınsha):

jaslar arasında Ózbekstan Respublikası Prezidenti sıylıǵı ushın xalıqaralıq sport jarısları;

jas óspirimler arasında «7zb3k8!5an-G4and P48x» xalıqaralıq sport jarısları;

jası úlkenler arasında «N32 7zb3k8!5an» xalıqaralıq sport jarısları;

Qorǵanıw ministrligi, Ishki isler ministrligi hám Ayrıqsha jaǵdaylar ministrligi sistemasında «Ministr kubogi», Mámleketlik qáwipsizlik xızmeti sistemasında «Baslıq kubogi», Milliy gvardiya sistemasında «Sárakárda kubogi», jergilikli mámleketlik hákimiyat uyımları sistemasında «Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Baslıǵı kubogi», «Wálayat hákimi kubogi» hám «Tashkent qalası hákimi kubogi» jarısları ótkeriletuǵını belgilep qoyılsın.

Sporttı rawajlandırıw ministrligi (Sh.Maxmudov) Ózbekstan Milliy olimpiya komiteti (O.Qosimov), Ózbekstan sport gúresleri associaciyası (S.Abduvaliev), tiyisli juwapker ministrlikler hám uyımlar menen birgelikte:

úsh ay múddette usı bántte kórsetilgen jarıslarǵa puqta tayarlıq kóriw hám olardı joqarı dárejede ótkeriw boyınsha ilajlar rejesin tastıyıqlasın;

xalıqaralıq sport jarısları 2023-jıl 1-yanvardan baslap sport hám ǵalabalıq denetárbiya ilajlarınıń respublikalıq kalendar rejesine kirgiziliwin támiyinlesin;

xalıqaralıq sport jarıslarında jergilikli gúresiwshiler menen birgelikte joqarı reytingke iye bolǵan sırt elli kúshli gúresiwshiler, xalıqaralıq dárejedegi trenerler hám tóreshilerdiń qatnasıwın támiyinlesin;

joqarıdaǵı jarıslardı ótkeriw procesin jergilikli hám sırt el ǵalaba xabar qurallarında hám basqa da kommunikaciya dáreklerinde keńnen sáwlelendirsin.

Turizm hám mádeniy miyras ministrligi (B.Ibragimov) joqarıdaǵı jarıslardı turistlik marshrutlar obektleri dizimine kirgizsin, olarǵa sırt el hám jergilikli turistlerdi tartıw ilajların kórsin.

4. Qorǵanıw ministrligi, Ishki isler ministrligi, Ayrıqsha jaǵdaylar ministrligi, Mámleketlik qáwipsizlik xızmeti, Milliy gvardiya, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵı, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimleri:

óz sistemalarında jumıs alıp barıp atırǵan xızmetkerler arasında úsh basqıshlı (rayon/qala, wálayat hám respublika) Ministr kubogi», «Baslıq kubogi», «Sárakárda kubogi», «Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Baslıǵı kubogi», «Wálayat hákimi kubogi» hám «Tashkent qalası hákimi kubogi» sport jarıslarınıń ótkeriliwin támiyinlesin, sonday-aq, jeńimpaz hám sıylı orın iyelerin múnásip xoshametlew ilajların kórsin;

usı qararǵa muwapıq Ózbekstanda ótkeriletuǵın xalıqaralıq sport jarıslarınıń joqarı dárejede shólkemlestiriliwinde Sporttı rawajlandırıw ministrligi hám Ózbekstan sport gúresleri associaciyasına hár tárepleme jaqınnan járdem

kórsetsin.

5. Sporttı rawajlandırıw ministrligi, Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi, Ózbekstan Milliy olimpiya komiteti hám Ózbekstan sport gúresleri associaciyasınıń:

orta arnawlı, professional hám joqarı bilimlendiriw shólkemleriniń oqıwshı hám studentleri arasında shólkemlestiriletuǵın «Bárkamal áwlad» hám «Universiada» sport jarıslarınıń baǵdarlamalarına sport gúreslerin kirgiziw;

2023-2024-oqıw jılınan baslap Ózbekstan mámleketlik denetárbiya hám sport universitetinde sport gúresleri boyınsha oqıwǵa qabıllawdıń ámeldegi mámleketlik buyırtpası parametrlerin basqıshpa-basqısh arttırıp barıw haqqındaǵı usınısları maqullansın.

6. Sporttı rawajlandırıw ministrligi (Sh.Maxmudov) Ózbekstan Milliy olimpiya komiteti (O.Qosimov), Ózbekstan sport gúresleri associaciyası (S.Abduvaliev) menen birgelikte:

a) 2023-jıldan baslap:

sport mektepleri, olimpiya hám paralimpiya sport túrlerine tayarlaw oraylarında sport gúresleriniń keminde bir túri boyınsha, sonday-aq, qánigelestirilgen sport mekteplerinde sport gúresleriniń eki túri boyınsha sekciya hám bólimler shólkemlestirsin. Onda usı sekciya hám bólimlerdi shólkemlestiriwge burınǵı balalar-jas óspirimler sport mektepleri hám olardıń filialların optimallastırıw hám olardıń xızmetkerlerin qısqartıw nátiyjesinde bosap qalǵan byudjet qarjıları qaratıladı;

sport gúresleri boyınsha Ózbekstan chempionatları hám kubokleri jeńimpazları hám sıylı orın iyeleriniń (1-3-orınlar), qaǵıyda tárizinde, birinshi gezekte xalıqaralıq sport jarısları hám oqıw-shınıǵıw jıyınlarında qatnasıwın támiyinlesin;

sport gúresleri boyınsha Ózbekstan milliy saylandı komandaları hám olardıń rezerv quramlarınıń jergilikli sportshılardan qáliplestiriliwine ayrıqsha itibar qaratsın;

sport gúresleri boyınsha Ózbekstan chempionatları hám kuboklerinde qatnasatuǵın sportshılardıń nátiyjeleri sırt elli maman tóreshiler tárepinen bahalanıwın jolǵa qoysın;

b) sport gúresleri boyınsha milliy saylandı komandalardıń bas trenerleri qatnasıwında aymaqlarda jıl dawamında qábiletli jaslardı anıqlaw, tańlap alıw (selekciya) hám olardı professional sportshılar sıpatında tayarlaw sapasın jańa basqıshqa kóteriwge qaratılǵan oqıw-shınıǵıw jıyınların shólkemlestirsin;

v) zamanagóy ilimiy jetiskenlikler hám innovaciyalıq texnologiyalardan paydalanǵan halda trener, tóreshiler hám basqa da qánigelerdiń kásiplik sheberligin turaqlı arttırıp barıw maqsetinde jergilikli hám sırt el qánigeleriniń qatnasıwında seminarlar, sheberlik sabaqlıqları, oqıw shınıǵıwların shólkemlestirsin.

7. 2022-2024-jıllarda sport gúresleriniń olimpiya túrlerin rawajlandırıwdıń maqsetli kórsetkishleri 2-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

8. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimlikleri Ózbekstan sport gúresleri associaciyası hám Sporttı rawajlandırıw ministrligi menen birgelikte:

Ózbekstan sport gúresleri associaciyasınıń aymaqlıq bólimleri tolıq túrde jumıs alıp barıwı ushın zárúr ilajlardı kórsin, sonıń ishinde, olardıń finanslıq hám materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlewge járdemlessin;

xalıqtıń arasında salamat turmıs tárizin úgit-násiyatlaw hám sport gúreslerin ǵalaba en jaydırıw maqsetinde rayon (qala) hám wálayat kóleminde háweskerler arasında sport gúresleri boyınsha jarıslardı turaqlı shólkemlestirsin hám bul maqsetler ushın tiyisli jergilikli byudjetlerdiń qosımsha dáramatları esabınan qarjı qaratsın;

2022-2023-jıllarda hár bir rayon (qala)da sport gúresleri boyınsha háwesker hám professional sportshılardan ibarat bolǵan klublardı shólkemlestirsin;

jergilikli hám jas trenerler menen perspektivalı sportshılardıń sport gúresleri boyınsha sırt mámleketlerde shólkemlestiriletuǵın oqıw-shınıǵıw jıyınları hám sport jarıslarında qatnasıwına baylanıslı processlerdi tiyisli jergilikli byudjetlerdiń dáramatlar rejesinen arttırıp orınlanǵan bólegi esabınan qarjılandırılsın.

9. Ózbekstan Milliy teleradiokompaniyası (A.Xadjaev), Ózbekstan Milliy málimleme agentligi (A.Kwchimov):

sport gúresleri boyınsha ótkeriletuǵın jáhán, kontinent chempionatları, xalıqaralıq jarıslardı, sonıń ishinde, Ózbekstanda ótkeriletuǵın hám respublika birinshilikleri hám xalıqaralıq sport jarısların turaqlı túrde sáwlelendiriw ilajların kórsin;

usı qarardıń mazmun-mánisi hám ámeliy áhmiyetin sáwlelendiriwge baylanıslı tele- hám radio baǵdarlamalar, sportshılardıń professional jumısı haqqınd arnawlı kórsetiwler hám maqalalar tayarlasın, ótkeriletuǵın brifing hám press-koferenciyalardı sáwlelendirip barsın.

10. Milliy antidoping agentligi (A.Sadikov) bir ay múddette sport gúresleri boyınsha tómendegilerdi názerde tutatuǵın baǵdarlamanı tastıyıqlasın hám ámeliyatqa engizsin:

sportshılar hám trenerlerdi «ashıq sport»qa úgit-násiyatlaw;

sportta farmakologiyalıq tásirge iye dári-dármaq preparatları hám basqa da qurallardan durıs paydalanıw baǵdarında sportshılar, trenerlerdiń mádeniyatı hám bilimin arttırıw ilajların ótkeriw;

sportshılardı antidoping temalarına baylanıslı tiyisli oqıw-málimleme materialları hám hár qıylı kórgizbeli maǵlıwmatlar menen támiyinlew;

sportshılar tárepinen antidoping qaǵıydalarına qatań ámel etiliwi ústinen nátiyjeli antidoping qadaǵalawın ámelge asırıw.

11. Usı qarardıń orınlanıwın nátiyjeli shólkemlestiriwge juwapker hám jeke juwapker etip sporttı rawajlandırıw ministri A.I.Ikramov, sporttı rawajlandırıw ministriniń orınbasarı Sh.Sh.Maxmudov hám Ózbekstan sport gúresleri associaciyasınıń baslıǵı S.K.Abduvaliev belgilensin jáne olarǵa tómendegi wazıypalar júklensin:

qábiletli jaslardı tańlap alıw (selekciya) hám olardı professional sport gúresiwshileri sıpatında tayarlaw jumısların nátiyjeli shólkemlestiriw hám muwapıqlastırıw;

aymaqlarda sport gúresleri infrastrukturasın jaratıw hám keńeytiw boyınsha investiciya hám grant qarjıların tartıw, basqa da zárúr ilajlardı belgilew;

sport gúreslerin bilimlendiriw mákemeleri, jaslar arasında keńnen úgit-násiyatlaw arqalı ǵalaba en jaydırıw, xalıqtıń bul sport túrine qızıǵıwshılıǵın arttırıw;

sport gúresleri boyınsha jarıslardı ótkeriw, bul baǵdarda xalıqaralıq hám sırt el shólkemleri, fizikalıq hám yuridikalıq táreplerdiń qáwenderlik qayırqomlıqların tartıw;

2022-2024-jıllarda sport gúresleriniń olimpiya túrlerin rawajlandırıwdıń maqsetli kórsetkishlerine tolıq túrde erisiw;

usı qararda belgilengen wazıypalardıń orınlanıwın hár yarım jılda keminde bir márte sın kózqarastan dodalaw, zárúr ilajlardı belgilew.

16. Usı qarardıń orınlanıwın dodalap barıw, juwapker shólkemlerdiń jumısın muwapıqlastırıw hám qadaǵalaw Ózbekstan Respublikasınıń Bas ministri A.N.Aripovqa hám Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń keńesgóyi A.A.Abduvaxitovqa júklensin.

Ózbekstan Respublikası

Prezidenti Sh.MIRZIYoEV

Tashkent qalası,

2022-jıl 29-iyul

--0--